АЙМУРАТ ӘБДИМУРАТОВ



# БАЛАЛЫҒЫМ

*Қосықлар*

*(Мектепке шекемги ҳәм киши мектеп жасындағы балалар ушын)*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1978

www.ziyouz.com kutubxonasi



КК 2
Ә-38

3803030100
М—357(06)78

Жас шайыр Аймурат Әбдимуратов балаларға арналған қосықлары менен күнделикли баспа сөзде көп жыллардан бери көринип киятырған авторлардың бири. Усынылып отырған бул китапша шайырдың туңғыш топламы. Топламның бәрин дерлик кишкене китап оқыўшыларын адамгершиликке, мийнетке, ўатанды, тәбиятты сүйиўге тәрбиялайтуғын қосықлар қурайды. Шайырдың тили жеңил, қосықлары ықшам, кишкене китап оқыўшыларымыз аңсат түсинеди. Топлам „Мениң биринши китапшам“ сериясынан шығарылып отыр.

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1978

www.ziyouz.com kutubxonasi



# Келиң дослар лагерьге

Алтын қуяш жадырап,
Келди жаздың айы да,
Қойыў сая, жасыл бағ,
Шақырады қойнына.

Бизлер ушын ол жерде,
Ашық лагерь қушағы,
Шомылып дәрья-көллерге,
Шынығамыз мудамы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Походларға шығамыз,
Аралап тоғай, тауларды,
Гербарийлар жыйнаймыз,
Шөплерден көп сандағы.

Жаз қызығы өзинше,
Ҳәр бир күни әжайып,
Келиң дослар лагерьге,
Кеўилли дем алайық.




## Әлипбем

Жети жасқа толып мен,
Қәдем қойдым мектепке,
Бәримизге муғаллим,
Берди таза „Әлипбе".

Биринши бетин ашыўдан,
Тураман жүдә сүйсинип;
Ленин атам бизлерге,
Турыпты гүл усынып.

„Оқы, оқы, жас әўлад,
Билим—өнер қанаты,
Билим сөнбес шамшыр-
ақ",—
Деп турғандай болады.

## Мектеп бағы

Өткен жыллары,
Бизлер ҳәммемиз,
Мектеп қасына,
Мийўе еккенбиз.

Тәрбия бердик,
Ўақтында күтип,
Бағ болды бәри,
Толық ержетип.

Жазда уўылжып,
Ерик писеди,
Гүзде алмалар,
Жерге түседи.

Жүзимлерим бар,
Оғада шийрин,
Жеген адамның,
Қандырар мийрин.

Усы бағыма,
Ерте бәҳәрден,
Быйыл тағы да,
Шабдал ектим мен.

Мийўе жесеңиз,
Пискен ўағында,
Досларым, келиң,
Мектеп бағына.





www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

# Жақсы бала атансам

Мен кишкене баламан,
Өзимше бир данаман,
Қай исте де өрнекти,
Үлкенлерден аламан.

Жасы үлкенди сыйлайман,
Айтқан сөзин тынлайман,
Апам жумыстан келгенше,
Үкемлер менен ойнайман.

Турып ерте-азанда.
Шынығаман таза ҳаўада,
Жуўынып бети—қолымды,
Жүремен бәрҳә азада.

Оқыўдан ҳеш қалмайман,
Төмен баҳа алмайман.
Рухсатсыз апамнан,
Киноға да бармайман.

Жумсаған жерге бараман,
Таўыққа дән саламан,
Тил алғыш деп мақтаса,
Дым қуўанып қаламан.

Мен кишкене баламан,
Жақсы иске талабан,
Әрманым тек ҳәммеге,
Жақсы бала атансам.

# Өжетлик

Сызба десең дийўалға,
Бажырайтып сызады,
Жазба десең китапқа,
Үйкеңкиреп жазады.

Жубат десең үкеңди,
Қайта урып қашады;
Жаўып кел десең есикти,
Аңқайтып қайта ашады.

Жыйнатсаң шашқан
отынды,
Жол бойына шашады;
Жүрме десең батпақтан,
Қойыў жерин басады.

Тыңламады айтқанды,
Өжетленип бир күни,
Қолына алып балтаны,
Дәрьядан ойды үкини.

Қақсап қатқан қалың муз,
Ойылмады жуўықта,
Сырғанап кетип ай балта.
Отырды келип тобыққа.

Балта кескен аяғын,
Бир ай жүрди емлетип,
—Енди билдим—деди ол,—
Пайда емес екен өжетлик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Атамның кеңеси

Мениң атам совхозда,
Көптен бери падашы,
Деди маған, ол базда
—Бузаўларды санашы?

—Фермада бузаў жүдә көп,
Алжасаман санасам,
„Орденлерим нешеў“—деп
Айтар ем ата, сорасаң?—

Десем оған еркелеп,
Мыйық тартып күледи.

Мийнеткеш атам ер жүрек,
Былай деп кеңес береди:

—Бағабер, балам, бузаўды,
Сыйыр болып үлкейсин,
Жақсы оқы оқыўды,
Ой-өрисиң кеңейсин.

Ата кәри зор кәсип,
Маман шарўа боларсаң,
Оңириңе жарасып,
Сен де орден тағарсаң.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## Мениң үкем

Ерте турып ҳәр күн сайын,
Ишип, таяр аўқат, чайын,
Қәлем-қағазларын алып,
Класына ерте барып,
Сабағын өткерип көзден,
Отырады мениң үкем.

Бийәдеп ис етпес ҳасла,
Кийимлерин көрсең таза,
Ҳәр күн алған баҳалары,
Күнделигинен табылады.
Көргенинде сүйсинесең.
Жақсы оқыйды мениң үкем,

Мениң ең бир унатарым,
Таярлап боп сабақларын,
Үкелерин бақшадағы,
Алып келип ойнатады.
—Китап оқып берейин мен,
Тыңлаң сизлер,—дейди
үкем.



Ҳүрмет етер үлкенлерге,
Бәрҳә ғамхор кишилерге,
Оқыўшылар арасында
Кимде-ким усындай болса,
Тек соларды унатаман,
„Мениң үкем“ деп айтаман.

## Кишкене балықшы

Қойыў булт басты аспанды,
Гүлдирмама гүркиреп,
Жалт-жулт етип шахмағы,
Жаўын жаўды силпилеп.

Жаўа берди узақ күн,
Күшейди кем-кем нөсери,
Мийўениң жулып бүртигин,
Гүллери жерге төселди.

Салмаларға сарқырап,
Асфальт жолдан суў ақты.
Жети жасар Таўмурат,
Қуўанып қақты шаппатты.

—Ешакай-аў, ешакай,
Суў келипти салмаға,
Келиң, қармақ салайық,—
Деп жүр барлық балаға.

## Теңел тентек

—Теңел деген қай бала?
—Анаў отырған ай бала.
Бетинен бир сүйдирсе,
Мамасына май бала.

—Тенел деген қай бала?
—Шатақ емес ай бала,
Жылағанын қойды әне,
Папасына пал бала.



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

—Теңел деген қай бала,
—Анаў отырған ай бала,
Арқала демей жүреди,
Шапқылаған тай бала.

—Теңел деген кай бала?
—Өкпелемес ай бала,

Буфеттен кесе әкелип,
Ишеди өзи чай бала,—

—Деп мақтасаң Теңелди,
Тентеклигин қояды.
Сөйтип-сөйтип еле ол,
Ақыллы бала болады.





www.ziyouz.com kutubxonasi

# „Мен емес“ деп ат берди.

Сырттан көрген адамға
Жақсы бала Қабылбек;
Болады оны мақтауға,
„Турысы менен ақыл“, деп.

Журт ақыллы деп билсе,
Таласыў да шәрт емес;
Еткен иси сөзине,
Әттең, бирақ, сай келмес.

Ҳәммеге ерси бир иси,
Өтирикке „бенде“ емес,
Ислей қойса қылмысты,
Айтары тек: „мен емес“.

Көзиң көрип қалса тек.
Айтады зорға ырасын;
Гүўалары болса көп,
Мойынлайды гүнасын.

Дослары бул әдетин,
Жақтырмады, жек көрди.
Өзгертип оның шын атын,
„Мен емес“ деп ат берди.

# Қыс қызығы сырғанақ.

Шымыры аяз шымлатып,
Қызарды мурын ҳәм қулақ.
Дәрья, көлде муз қатып,
Басланды ойын—сырғанақ.

Алты ай жатқан саяда,
Шаналарда иске асты.
Шаң басып жатқан дуканда
Конькийге баллар таласты.

Тамаша-аў, жүдә тамаша,
Биреўлер барар зымырап.
Бес жасар үкем Алёша.
Қызықсынып тур қарап.

Деп жүрсек оны, қорқады-аў,
Араласты барып ойынға.
Музда жүрип шана айдаў,
Түспеди онша қыйынға.

Шийшедей көк муз—тайғанақ,
Гә жығылып, гә турды.
Жылайды-аў деп ойласақ,
Шақалақлап бир күлди.

# Сүўрет

Бизиң мектеп алдында,
Өседи бир түп шоқ гүжим;
Жасыл жапырақ жамылған,
Шақалары дым узын.

Қарасам жазда алыстан,
Қойыў қара түтиндей;
Дөп-дөңгелек мысалы,
Атамның шөгирмесиндей.

Келбети қыста өзгеше,
Ақ мамық жаўса аспаннан,
Ақ жаўлық тартқан шешемнин,
Өзиме депте қаламан.

Бир күни сүўрет сабақта,
Тапсырма берди муғаллим;



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көринисин ақ қағазға,
Салың—деп—сол гүжим-
ниң.

Отырдым түнде бираз ўақ,
Шыжбайлап қағаз бетле-
рин;
Салалмай-ақ дурыслап,
Уйқыға кетти көзлерим.

Азанда турып әйнекке.
Қарасам жүдә қызық дым;
Аппақ қыраў гүжимди,
Дәл өзи етип сызыпты.

## Көп ойнаўдың кесири

Гил қоңысы көп бала,
Сабақтан кейин жыйнал-
дық;
Үйлерде жумыс болса да,
Бир биреўди қыймадық.

Кешке дейин шарқ урып,
Түрли ойын ойнадық;
Шийрин-аў ойын жарық-
лық,
Қызығына тоймадық.

Басланды ойын ләңгиден,
Ботинкалар жыртылды,
Пәтпелек соқтық бесеўден
Дәптерлер де қуртылды.

Орпаң жерде ентелеп,
Дөңгелек айдап жарыстық
„Ким жуўырғыш екен“ деп
Таоан жолға тарыстық.

Айта берсек көп ойын,
Ойналды асық, топ ойын,
Күн батып, ымырт жабылды.
Ойналмай қалған жоқ ойын.

Ай шықты алтын табақтай,
Тарқаттық зорға қумарды,
Келеси күни сабақта,
Бәримиз бурыштай қызар-
дық.

## Қандай бала Дәнияр

Япырмай, бизиң Дәнияр,
Ойыншыққа дым қумар;
Үлкен арша толып тур,
Есабын өзиң санап ал.

„Машинасы“ жуп-жуптан,
„Тракторы“ жүдә көп;
Тобы, шары тағы бар,
Толып атыр үшпелек.

Велосипедти, арбаны,
Үш-төрт күн ғана айдады;
„Самолетин“, „мылтығын“
Сол күни бузып таслады.

Қуўыршақтың қолы жоқ,
Үлкен топтың жели жоқ,
Шүйкилдеўик куслардың
Тумсығы жоқ, көзи жоқ.

„Күшиги менен пышығы,“
Айырылыпты қулақтан;
Жүўенлеп қойған „әреби
ат“
Майырылыпты аяқтан.

Сонда да бизиң Дәнияр,
Ойыншыққа дым қумар,
Тағы алып бер десе
Не айтайын, балалар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ылағым

Ақ ылак, көк ылақ,
Бизиң үйде көп ылақ,
Усылайын десем ҳеш бири,
Туттырмайды шапқылап.

Кишкенеси—жағалы,
Шүлдир қулак„жаманы“,
Анасының қасында,
Өрден-ыққа шабады.

Қорықпайды, саспайды,
Бийиктен бойын таслайды,
Меннен сетем алса да,
Бөрибасардан қашпайды.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## Тәрнек

„Сениң ушын балам“ деп,
Қарық жарып ертеден;
Ағам тәрнек еккенде,
Қуўанған едим жүдә мен.

Арадан өтти бираз күн,
Уркан атып гүлледи;
Ал соңынан найшалап,
Үлкейе берди түйнеги.

„Үлкейсин,-деп,-еледе,“
Ең әўелги салғанын,
Үкемлерден жасырып,
Шөп оастырып қымтадым.

Бир күнлери қарасам,
Қалыпты тек пәлеги;
Жеп қойыпты үкемлер,
Үлкейтпей-ақ тәрнекти.

## Уйқышы

Бир-еки рет сабаққа,
Келип едим кешигип,
Үшинши рет муғаллим,
Жибермеди ,,кеширип“,

Киргизбеди классқа.
Қапы аўызында турыппан,
,,Өзинде,-деди,-кемшилик,
Уазыйпаңды умытқан“.

Газетаға ертеңи
Сүўретимди салыпты:
Бас ушымда саатым,
,,Уйқышы“ деп жазыпты.

## Шалағайлық

Апам маған көп бақырды
жекиринип,
Мен де турман не қылдым
деп өкинип,
Даўысынан қорыққандай
апамның,
Тарғыл пышық қашты
айнадан секирип.

Сонда ғана сездим
шалағайлықты,
Нан алғанда шкаф ашық
қалыпты,
Кешки аўқатқа асыў
ушын қойылған,
Семиз гөшке пышық
тойып алыпты.

## Өкпелеп жүрип бос қалды

Уйықлап турған Қуўаныш,
Қыңырлықты баслады;
Апасы берген конфетти,
Ылақтырып таслады.

Пайлы аўқатын азсынып,
Өкпеледи, жемеди;
Өжетленди ,,дәмсиз“ деп,
Мап-мазалы пельменди.

,,Аўқат писир және“ деп,
Шатак салды тепсинип,
Кишкене Азат бул исти
Ерси көрип, тур күлип.



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўанышты арқалап,
Апасы сыртта жүргенде;
Кишкене Азат томпаңлап,
Тойып алды пельменге.

Жерин Азат жесе де,
Апасынан жасқанды;
Бир қызығы Қуўаныш
Өкпелеп жүрип бос қалды.

## Көк қозым

Қуррай-қуррай көк қозым
Гәўҳар жүнли тоқ қозым,
Суў берейин, ише ғой,
Маңырай бермей көк
қозым.

Қуррай-қуррай көк қозым,
Апаң ҳәзир жоқ қозым:
Өристен кеште келеди,
Емесең сонда көк қозым.

Қуррай-қуррай көк қозым,
Қорада от-шөп көп қозым.
Отығагойсаң жейсең сен,
,,Мазалы екен" деп қозым.

Қуррай қуррай көк қозым,
Фермада қойлар көп, қозым
Егизден туўса ҳәммеси,
Болады неше мың қозым,





www.ziyouz.com kutubxonasi

# Ким гүнəкəр?

Бир күни бизиң Өмирбек,
Айдап жүрип дөңгелек,
Барып қалды ҳəррениң,
Уясына өзи ентелеп.

Қызық көрип сым менен,
Түртип еди, ҳəрреген,
Ғаўлап ушып келди де
„Сүйип" алды бетинен.

Өткир екен ништери,
Исип кетти бетлери,
Ол өзинше ойлап жүр.
Гүналы деп ҳəррени.

Əдил ойлап қараңлар.
Дурысын айтың балалар.
Өмирбек пе, ҳəрре ме,
Бул жерде ким гүнəкəр?







www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Келиң дослар лагерьге . . . . 3
Әлипбем . . . . . . . . . . 4
Мектеп бағы . . . . . . . . 4
Жақсы бала атансам . . . . . 6
Өжетлик . . . . . . . . . . 6
Атамның кеңеси . . . . . . . 7
Мениң үкем . . . . . . . . 8
Кишкене балықшы . . . . . . 8
Теңел тентек . . . . . . . 8
„Мен емес" деп ат берди . . . 11
Қыс қызығы сырғанақ . . . . 11
Сүўрет . . . . . . . . . . . 11
Көп ойнаўдың кесири . . . . . 12
Қандай бала Дәнияр . . . . . 12
Ылағым . . . . . . . . . . . 13
Тәрнек . . . . . . . . . . . 14
Уйқышы . . . . . . . . . . 14
Шалағайлық . . . . . . . . . 14
Өкпелеп жүрип бос қалды . . 14
Көк қозым . . . . . . . . . 16
Ким гүнәкар . . . . . . . . . 17


www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Аймурат Абдимуратов**

# ДЕТСТВО МОЕ

*Стихи*

*(Для детей до школьного и младшего школьного возраста)*

*Издательство „Каракалпакстан."*
*Нукус—1978 г*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *Ш. Сейитов*
Художник *К. Нажимов*
Худ. редактор *Б. Ещанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Корректор *Г. Турымова*

ИБ № 653

Териўге берилген ўақты 17/IV-1978-жыл .Басыўға рухсат етилген ўақты 25/VI-1978-жыл. қағаз форматы 70x90$^1/_{16}$ Көлеми 1,25 баспа табақ, 1,46 шәртли баспа табақ, 0,7 есап баспа табақ, Тиражы 5000 Баҳасы 10 т

Қарақалпақстан баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси жай № 9

ҚҚАССР Министрлер Советиниң баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ106

www.ziyouz.com kutubxonasi